# Белсендилер "Меҳир-саҳоват» көкирек белгиси менен сыйлықланды

Қанлыкөл районы Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў бөлими тараўларында хызмет етип атырған бир қатар хызметкерлер пандемия дәўириндеги белсендилиги, бийғәрез инсаныйлық жәрдемлер көрсетиўдеги үлеслери ушын Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 26-майдағы Пәрманы тийкарында шөлкемлестирилген "Меҳир-саҳоват» көкирек белгиси менен сыйлықланды.

Image not found or type unknown

Сыйлықлаў мәресимине район ҳәкими А.Ибрагимов, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының орынбасары-Мәҳәлле ҳәм шаңарақты қоллап-қуўатлаў министри С.Турманов ҳәм мәкеме, шөлкем басшылары қатнасты.

Image not found or type unknown

Онда С.Турманов тараў белсендилерине көрсетип киятырған хызметлери ушын өз алғысын билдирип, тапсырылған көкирек белгисин Президентимиздиң бәршемизге билдирген үлкен исеними, деп атап өтти.

Районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети